





BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis Basa Sunda Dialék Sukabumi di kacamatan Waluran bisa dicindekeun saperti ieu di handap:

- a. Kandaga kecap Basa Sunda Dialék Sukabumi di Kacamatan Waluran anu kapaluruh jumlahna aya 85 kecap, di Désa Mekarmukti jumlahna aya 82 kecap, di Désa Waluran jumlahna aya 73 kecap, di Caringin Nunggal jumlahna aya 80 kecap, jeung di Désa Sukamukti jumlahna aya 80 kecap.
- b. Wangun kecap Basa Sunda Dialék Sukabumi di Kacamatan Waluran jumlahna aya 85 kecap. Anu mangrupa kecap asal aya 68 kecap, upama dipersentaseukeun jumlahna aya 80%, anu magrupa kecap rundayan aya 2 kecap, upama di persentaseukeun jumlahna jadi 2,35%, anu mangrupa kecap rajékan aya 7 kecap, upama dipersentasikeun jumlahna jadi 8,23%, jeung anu mangrupa kecap kantétan jumlahna aya 8 kecap, upama dipersentaseukeun jumlahna jadi 9,41%.
- c. Peta wilayah sebaran dialék geogarafis Sukabumi di Kacamatan Waluran jumlah petana aya 85 peta. jumlah désana aya 4 désa jeung nu kaasup basa dialék ditandaan ku *asterik* (*) sedengkeun nu kaasup basa lulugu ditandaan ku (Δ).

5.2. Saran

Ieu panalungtikan téh masih kénéh sederhana pisan ngan saukur nalungtik Basa Sunda Dialék Sukabumi di Kacamatan Waluran . Ieu hal téh dibalukarkeun ku samporétna waktu, biaya jeung kamampuh panalungtik. Kulantaran kitu dipiharep pisan ayana panalungtikan anu leuwih lega, lain ngan saukur di Kacamatan Waluran, tapi di Kacamatan séjén anu aya di Kabupatén Sukabumi.

Kahirupan basa-basa daérah di Indonesia ditantayungan ku undang-undang, kitu deui kaasup sakumna basa dialék, dijamin kahirupan jeung kamekaranana ku nagara. Eta hal téh lantaran basa daérah katut dialékna bagian tina kabudayaan nasional.

Kukituna, urang salaku pituin Sunda perlu maké tur ngamumulé bahasa indung sorangan.